*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№67 (26519)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 17 апрель – хуымгæнæны мæйы 17 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕДЕРАЛОН ÆМВÆЗАДЫЛ
*Туристон афонмæ цæттæдзинад*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Парламенты Советæй**

# Бюджеты гæнæнтæ домынц хæдзардзин пайда





**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийыл хъалонтæ æвæрыны хуымæтæгдæр системæйæ пайда кæнгæйæ, хъалонфидджыты хицæн къордтыл хъалон æвæрыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты фæдыл ныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр**. Документы нысан у амалхъомадон куыстытæм гæсгæ амалхъомты хицæн къордæн сæ хъалонты уаргъ фæрогдæр кæнын, 1 кæнæ 5 процентæй фылдæр куыд нæ уа, афтæ.

«Рынчындæттæ, диспансертæ æмæ, Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады дæлбар чи ис, сæрмагонд хуызы уыцы медицинон кусæндæттæ æлхæнинæгтæ кæнынæн РЦИ-Аланийы Медицинон фæдзæхстады территориалон фондæй лæвæрд фæрæзтæй куыд спайда кодтой, уый сбæрæг кæныны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Цæстдарæн-нымайæн палатæйы бæрæггæнæн мадзæлтты тыххæй хъусынгæнинаджы» фæдыл Парламент амæй размæ рахаста уынаффæ. Уыцы уынаффæ куыд æххæстгонд æрцыд, ууыл уыд æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Темырты Карэны** раныхас. Куыд загъта, афтæмæй, паддзахадон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæнгæйæ, медицинон кусæндæттæ æруагътой уыцы-иухуызон халæн цаутæ, бæлвырддæр: Иумæйаг информацион системæйы æлхæнинæгты тыххæй хъусынгæнинаг афоныл æвæрд нæ цыд; æлхæнинæгтæ кæнынæн сын афæдзмæ цы æхцайы фæрæзтæ лæвæрд цыд, се 'лхæнинæгтæ-иу уыдонæй фылдæр рауадысты; афоныл-иу сайты нæ равæрдтой, æлхæнинæгтæ цы пъланмæ гæсгæ кæндзысты, уыцы хъусынгæнинаг æмæ афтæ дарддæр. Æппæт уыдæтты аххосæй хæлд цыдысты конкуренцийы бындуртæ, æппынфæстаг хъуыддаг æвзæрæрдæм ахадыдта медицинон лæггæдты хæрзхъæдддзинадыл.

Æлхæнинæгтыл æмбæлгæ бæрцæй фылдæр схардз кодтой Æрыдоны, Дыгуры, Алагиры районты центрон рынчындæттæ, Республикон клиникон рынчындон, Тагъд æххуысы клиникон рынчындон, онкодиспансер. Ууыл ныхас кодта Медицинон фæдзæхстады территориалон фонды директоры хæдивæг **Къарджиаты Ларисæ**.

Фарстайы фæдыл ма ныхас кодта Цæстдарæннымайæн палатæйы сæрдары хæдивæг **Бекъойты Хъазыбег**.

Æмдоклад скодта Парламенты социалон политикæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**.

Советы уæнгтæ ма байхъуыстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ æнæнхъæлæджы цауты комитеты архайды фæдыл амынд комитеты сæрдар **Александр Хоружийы** докладмæ. Раныхасгæнæг бæстон æрдзырдта, граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ адæмы æнæнхъæлæджы цаутæй бахъахъхъæныны тыххæй ивгъуыд аз цы мадзæлттæ арæзт цыд, уыдоны тыххæй. Куыд загъта, афтæмæй, æнæнхъæлæджы цаутæ æрцæуыны рæстæг фæдзурын æмбæлы æххуысы телефон **«112»**-мæ. «Æххуыс бацагурыны тыххæй адæмæй суткæмæ вæййы 1 800-æй 3 мины онг дзæнгæрæджы. Иунæг дæр дзы æнæ дзуаппæй нæ баззайы. Ирвæзынгæнæг къордтæ æвæстиатæй атындзынц, се 'ххуыс кæм бахъæуы, уырдæм. Цæттæгæнæн ахуыртæ арæзт цæуынц иудадзыгдæр», – загъта раныхасгæнæг. Республикон профессионалон агурæг-ирвæзынгæнæг службæйы тыххæй загъта, ивгъуыд аз ирвæзынгæнæг къордтæ фæдисы кæй рацыдысты 612 хатты, ацы азы 1 апрелмæ та – 181 хатты.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты промышленность, транспорт, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат**. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимурмæ**, депутат **Хъамболты Дзамболатмæ**.

Советы уæнгтæ ма цы федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ регионалон закъонæвæрынадон хъæппæристæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан**, Реуазты Ларисæ, Киситы Мурат.

Уымæй уæлдай, депутаттæ сбæлвырд кодтой Парламенты хæстæгдæр æмбырды боны фæтк æмæ йæ саразыны æмгъуыд.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къамтæ систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Фембæлд**

# Фысджытæн – ахъаззаг æххуыс

**Нæ республикæмæ кусæг балцы æрцыд, УФ-йы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, æфсæддон журналист, публицист Николай ИВАНОВ. Фыссæг фембæлдис Цæгат Ирыстоны фысджытимæ, æхсæнадон архайджытæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытимæ.**



Фембæлды архайдтой нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барис**, фысджытæ: **Агънаты Гæстæн, Цомартаты Изæтбег, Дзасохты Музафер, Касаты Батрадз, Скъодтаты Эльбрус, Баситы Зæлинæ**, Хетæгкаты Къостайы номыл Национкультурон центры сæрдар **Æлборты Иван**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы администрацийы специалист **Бигъуылаты Людмилæ**, Цæгат Ирыстоны адæмон артист **Цæриаты Валери**, сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы редактор **Сæлбиты Дианæ**.

Николай Иванов Дзæуджыхъæуы иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдис, æмæ, куыд загъта, афтæмæй йæ алы æрбацыдыл дæр ын Ирыстоны адæм зæрдиагæй бацин кæнынц:

– Адæймаг йæхæдæг хорзæй цы дæтты, уый йæм фæстæмæ дывæрæй здæхы. Бæрæгбоны хуызæн вæййы мæнæн мæ уды равг, Ирыстонмæ куы абалц кæнын, уæд. Ам мын бирæ хæлæрттæ ис, иууылдæр мын æфсымæрты хуызæн сты. Фæлæ мын ныр бауайдзæф кодтой, куыд æрæгмæ нæм цыдтæ, зæгъгæ. Уæрæсе егъау æмæ æнæкæрон бæстæ у, æмæ мæ бирæ рæттæм цæуын бахъæуы. Мæ балцы нысан ацы хатт у, фæззæджы æртыккаг фестиваль «Ирон фæндыр» саразын æмæ фысджыты сфæлдыстадон уавæртæм лæмбынæгдæр æркæсын. УФ-йы Фысджыты цæдисы сæрдар **Владимир Мединский** бæлвырд йе 'ргом аздæхта фысджытæн ахъаззаджы æххуыс кæныны фарстатæм. Бахæс нын кодта нæ бæстæйы алы регионы дæр сбæрæг кæнын, литературæйы æнтыстдзинæдтæ кæй къухы æфты, уыцы фысджыты, æмæ саразын фысджыты сæрмагонд регионалон минæварадтæ, бæлвырд æмæ ахадгæ уавæртæ – се сфæлдыстадон куыстæн. Ис нæм бирæ фæндтæ. 30 азы дæргъы нын фыццаг хатт субсидиты хуызы æхца дæр дихгонд цæуы литературон фестивальтæ аразынæн. Ахæм фестивальтæ та нæ бæстæйы бирæ ис. Дагестаны – «Белые журавли», «Осетинская лира» – Цæгат Ирыстоны, Читайы – «Забайкальская осень» æмæ бирæ æндæртæ. Фестиваль «Булæмæргъ» ирон æвзагыл цæуы, фæлæ нæ фæнды, цæмæй йæ аразой уырыссагау дæр. Раздæр фысджытæн материалон æххуыс цыдис афæдз иу хатт 72 мин сомы. Владимир Мединский та фæнд бахаста уыцы материалон æххуысы бæрц 140 мин соммæ сисын. Уымæй уæлдай æркæсын, Фысджыты цæдисы уæвгæйæ, æхсæнадон царды чи нæ архайы, уыцы фысджыты иумæйаг организацийæ аиуварс кæнын,– дзырдта Николай Иванов.

Нæ республикæйы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар Хозиты Барис та фæнысан кодта, фæззæджы Цæгат Ирыстоны фестиваль «Ирон фæндыр»-ы рæстæг Николай Ивановы уацмыс «Пока играет флейточка» ирон æвзагмæ тæлмацгондæй кæй фендзыстæм, уый. Тæлмац та йæ ракодта Цомартаты Изæтбег.

Фембæлды архайджытæ ныхас кодтой се сфæлдыстадон куысты лыггæнинаг фарстатыл, бирæ фарстытæ раттой Николай Ивановмæ æмæ сын бæлвырд дзуаппытæ лæвæрдта.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Хъæууон хæдзарад**

# Спаржæйы тыллæг

**Горæтгæрон районы хæдзарад «Долина спаржи»-йы æмбырд кæнын райдыдтой æппæтæй пайдайагдæр зайæгойтæй иу – спаржæ. Бынæттон хъæууонхæдзарадон куыстуаты фæрцы Цæгат Ирыстон амынд культур зайын кæныны хъуыддагæй нымад у Уæрæсейы раздзогыл.**

Спаржæйы æппæт хуызтæ дæр адæймаджы организмæн кæд пайдайаг сты, уæддæр пайда витаминты бæрцæй æппæтæй ахъаззагдæрыл нымад у зайæгойы фиолетхуыз. 23 сантиметры бæрзæндæн спаржæйы билцъытæ æмбырд кæнынц техникæйæ нæ, фæлæ къухтæй.

Ацы мæйы астæу нæ республикæйы быдырты фæзынынц амынд зайæгойы фыццаг билцъытæ. Бынæттон куыстуат спаржæйæн рахай кодта бæркадджын зæххыты 55 гектары бæрц фæзуат. Хæдзарады зайынц ацы культуры дыууадæс хуызы – кæрдæгхуыз, урс, фиолетхуыз æмæ æндæртæ.

Спаржæ куыд рæзы, уый аразгæ у боныхъæды уавæртæй. Уалдзæджы кæд хъарм бонтæ скæной, уæд культур ратдзæн хорз тыллæг. Зайæгойтæ парахатæй æмбырд кæнынц ацы мæйы кæрон. Фарон зæхкусджытæ æрæмбырд кодтой 250 тоннæйы бæрц продукци. Ацы аз тыллæджы бæрц фаронæй къаддæр кæй нæ рауайдзæн, хæдзарады коллектив йæ зæрдæ ууыл дары.



Зайæгойы билцъытæ кардæй лыг кæнын райдайынц 23 сантиметры бæрзæндыл. Бирæазон спаржæйы уидæгтæ хъыгдард кæд нæ баййафой, уæд ацы зайæгой тыллæг дæтдзæн дæс азы дæргъы.

Тыллæг æфснайыны рæстæг хуымты фæллой кæнынц сæдæ фæндзай адæймаджы бæрц. Куыстуат хъæугæ хъæууонхæдзарадон техникæйæ ифтонггонд у. Æмбырдгонд спаржæ барвитынц автоматизацигонд цехмæ æмæ йæ ам сортгай байуарынц. Нырыккон кусæнгæрзты фæрцы ис цыбыр рæстæгмæ продукцийы стыр бæрц бакусыны фадат. Фæстæдæр спаржæ æппæт бæстæйы регионтæм арвитынц.

**Бахъаты Ларисæ** æрыгонæй архайдта рог атлетикæйы секцийы, фæстаг рæстæг та йе 'ргом здахы йогæмæ. Сылгоймаг спаржæимæ базонгæ фынддæс азы размæ Испанимæ туристон балцы рæстæг, æмæ уæдæй нырмæ Ларисæ йæхи нæ цух кæны амынд хойрагæй.

– Фæсарæйнаг бæстæйы куы уыдтæн спаржæ фыццаг хатт куы ахордтон, уæд мæ зæрдæмæ фæцыд. Ирыстонмæ куы æрбаздæхттæн, уæд нæм спаржæйы хуымтæ кæй ис, уый базыдтон. Нæ дуканиты тæрхæджытыл ацы хойраг арæх фенæн кæй ис, уый мын æхсызгон у. Спаржæ мæм кадджын у. Ацы хæлц кæд æрвылбон нæ, уæддæр къуырийы дæргъы иу-дыууæ хатты нæ фынгыл вæййы, – зæгъы Ларисæ.

Цалдæр азы дæргъы Цæгат Ирыстон спаржæ æрзайын кæныны хъуыддагæй бæстæйы регионты æхсæн ахсы раздзоджы бынат. Ацы хæрзад хойраг адæймаджы организмæн пайда у.

**Вадим ГАНЖА**

## Дзырды фарн

***Цардимæ хæцæм нæ ахуырдзинадæй,***
***нæ кусынæй, кæрæдзи уарзынæй...***

*ТЛАТТЫ Хох*

РÆСТДЗИНАД № 67 (26519) 2026 АЗЫ 17 АПРЕЛЬ – ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 17 БОН

Федералон æмвæзадыл

# Туристон афонмæ цæттæдзинад

**Сæрдыгон туристон афонмæ цæттæдзинад æмæ фароны куысты бæрæггæнæнтыл ныхас рауад, Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Дмитрий ЧЕРНЫШЕНКО Туризмы рæзты хицауадон къамисæн цы æмбырд сарæзта, уым.**



Къамисы æмбырды архайдтой федералон министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнондæр разамонджытæ, видеобастдзинады руаджы – Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**. Бæстæйы вице-премьер Дмитрий Чернышенко куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй национ проект «Туризм æмæ уазæгуарзондзинад»-ы бæрæггæнæнтæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ.

«Иумæйаг мидбæстон продукты туризмы хай рауад 3,1 проценты, туристон лæггæдтæ скодтам 8,75 миллиард доллæрæн, уый айразмæйы азимæ абаргæйæ, у 20 процентæ фылдæр. Туристтæн фысымуæтты уæлдæр кълæстимæ номыртæ ис 1 милуанæй фылдæр. Фæсарæнтæй нæм æрбацæуæг туристон балцыты нымæц 13 проценты фылдæр фæцис. Бæстæйыл туристон балцыты нымæц 4,1 проценты фылдæр фесты», – загъта Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Уый бафæдзæхста регионты минæвæрттæн, цæмæй фылдæр æргом аздахой бинонты туризммæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты фæлладуагъдмæ, æнæниздзинады цыбыргонд авналæнтимæ адæмæн туристон инфраструктурæ аразыны хъуыддæгтæм. Федералон разамынды минæвæрттæ дæр æрдзырдтой æппæт ахсджиаг фарстатыл.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис æмбырдæй хатдзæгтæ кæнгæйæ куыд загъта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны стыр æргом здахынц туризмы рæзтмæ, транспортон æнцонвадатмæ. «Фæстаг азты транспортон æнцонвадаты нысантæ царды уадзæм фылдæр. Фæндаггон инфраструктурæйæ сарæзтам дæсгай объекттæ, уыимæ, хæхты дæр. Æппæт афонты кусæг курорт «Мамысон»-æн сарæзтам тъунел, фæндаджы дыууæ хайы. Нырмæ курорт сæмбæлд туристты 65 мин адæймагыл», – радзырдта Дзанайы-фырт.

Куыд ма бацамыдта, афтæмæй рацарæзтой хæххон Дыгурмæ хонæг тъунел æмæ фæндаг, Джызæлæй Хъæрмæдонмæ фæндагыл дæр къæпхæнгай куыст цæуы. «Æхсæнадон транспорты куыст нывылгонд цæуы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фæрцы. Балхæдтам ног автобустæ, хæхбæстæм фæзынд ног маршруттæ. Туристтæн аразæм удæнцой уавæртæ», – фæбæрæг кодта республикæйы Хицауады Сæрдар.

Уæдæ «Транспортон-логистикон комплекс»-ы фæлгæты сарæзтой ног Аэровагзалон комплекс аэропорты мидæг. Уæрæсейы Президент куыд бафæдзæхста, афтæмæй ныртæккæ бавнæлдтой хæххон курорт «Цъæй»-мæ хонæг фæндаджы рацарæзтмæ, «Хæххон Санибайæ Хъæрмæдонмæ» хонæг трассæ аразынмæ, æндæр ахсджиаг нысантæм.

Ацы сæрды туристон афонмæ республикæ йæхи цæттæ кæны, тагъд æхсызгонæй сæмбæлдзæн уазджытыл. Уæрæсейы Хицауады минæвæрттæ æмбырдмæ рахастой туристты æдасдзинады фарстатæ, вазыгджын маршруттæм рахизгæйæ, хæхты бæрзæндтæм цæугæйæ, æппæт уыдæттæ хъуамæ уой æдас уавæры.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Ахуырад

# Гом дуæртты бон

**18 апрелы федералон проект «Профессионалитет»-ы æппæт кластерты ацæудзæн гом дуæртты иумæйаг бон.**




Бæстæйы скъолаты æстæмæй иуæндæсæм кълæсты онг чи ахуыр кæны, уыцы 970 мин скъоладзауы æмæ сæ ныййарджытæ æрбацæуудзысты колледжтæ æмæ куыстуæттæм.

– Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** ныхасмæ гæсгæ, астæуккаг профессион ахуырады системæ национ райрæзты нысантæ æххæст кæнынмæ арæзт цæмæй уа, ахуырадон программæтæ та экономикæйы ахадгæ къабазы домæнты аккаг цæмæй уой, уыыл архайын хъæуы. Национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-мæ хауæг федералон проект «Профессионалитет» парахатæй æххæст кæнæм. Ацы аз сентябры байгом кæндзыстæм ноджыдæр ма нæуæдз фондз ног кластеры, ныридæгæн æппæт бæстæйы ацы кластерты нымæц у æхсæзсæдæ иу. Гом дуæртты иумæйаг бон скъоладзаутæ æмæ сæ ныййарджытæн уыдзæн бæллиццаг дæсныйад равзарын æмæ фæстæдæр нæ куыстуæттæм кусынмæ бацæуыны фадат, – загъта Уæрæсейы вице-премьер **Дмитрий Чернышенко**.

Уæрæсейы 86 регионы чи ис æмæ 2 милуан студентæй фылдæр кæм ахуыр кæнынц, «Профессионалитет»-мæ хауынц 1730 ахæм колледж æмæ техникумы. Кусджыты цæттæ кæныны хъуыддаджы архайынц æртæ мин куыстдæттæг компанийæ фылдæр.

Скъоладзаутæн сараздзысты куыстдæттæг куыстуæттæм 3,5 мин экскурсийæ фылдæр. Студенттæ алыхуызон дæсныйæдтимæ цæмæй хуыздæр базонгæ уой, уый тыххæй техникумтæ æмæ колледжты ацæудзысты 13 мин профессион фæлварæнæй фылдæр

– Раст карьерон равзæрст скæнын кæй фæнды, уыцы студенты хæс у дæсныйадимæ комкоммæ уагæй базонгæ уæвын. Колледжтæ æмæ техникумты саразинаг гом дуæртты иумæйаг бон «Профессионалитет»-ы фæрцы фæсивæдæн уыдзæн равзаринаг дæсныйадимæ комкоммæ базонгæ уæвыны фадат. Скъоладзаутæ æмæ сæ ныййарджытæ сæхи цæстытæй нырыккон æрмадзтæ цæмæй феной, стæй куыстдæттæг компаниты минæвæрттимæ цæмæй аныхас кæной, уый тыххæй сæ хонæм акцийы архайынмæ. Ахæм фембæлдтыты руаджы фæсивæдæн уыдзæн мидисджын, хъæугæ дæсныйад равзарыны фадат, – зæгъы УФ-йы рухсады министр **Сергей Кравцов**.

«Профессионалитет»: в хорошей компании!-йы темæйыл скъолаты чи ацæудзæн, уыцы 8,4 мин урокы рæстæг колледжтæ æмæ техникумты студенттæ скъоладзаутæн радзурдзысты проекты архайæг ахуыргæнæндæтты ахуырады хорздзинæдты тыххæй хабæрттæ.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Арæзтад

# Буроны тъунелы цалцæг

**Автомобилон фæндаг А-164 «Транскам»-ы 69 километрыл Алагиры районы Буроны цы тъунел ис, уый бындурон æгъдауæй цалцæг кæнынц «Росавтодор»-ы дæлбар Къазнайы федералон управлени «Кавказ»-ы специалисттæ.**

**270 метры дæргъæн объекты куысты æмгъуыд у 2027 азы кæронмæ. Абоны онг уал æххæстгонд æрцыдысты, тъунелы цалцæджы рæстæг транспорт дыууæрдæм кæуылты цæудзæн, уыцы рæстæгмæйы фæндаджы схемæ. Хæдтулгæ скъæрджыты æдасдзинады тыххæй æнæмæнгхъæугæ фæндаггон нысантæ æмæ информацион фæйнæджытæ сæвæрдтой. Куыстытæ цы фæзуаты цæудзысты, уым специалисттæ сарæзтой гæрæнтæ, цæмæй транспортон фæрæзтæ сæ фæрсты æнæкъуылымпытæй цæуой. Уымæй уæлдай ма, ныртæккæ исынц тъунелы мидæг фæндаджы уаццаджы уæлцъар.**



**Проекты фæлгæты сног кæндзысты объекты фæндаг æмæ тротуартæ. Пъланмæ гæсгæ тъунелы инженерон хызтæ, æмтгæй райсгæйæ, модернизацигонд æрцæудзысты: баивдзысты æппæт электронон ифтонггæрзтæ, сæвæрдзысты дзы рухсытæ æмæ уæлдæф сыгъдæггæнæнтæ. Хæхты климæтон æмæ æрдзон уавæртæ хынцгæйæ, уæлдай æргом аздахдзысты, тъунел цы конструкцитыл æнцайдзæн, уыдоны фидардзинадмæ, бацархайдзысты, цæмæй йæм дон макæцырдыгæй хъара, ууыл.**

**Буроны тъунелы бындурон цалцæджы руаджы æдасæй, æнæкъуылымпытæй цæуын æмбæлдзæн республикæйы сæйрагдæр фæндæгтæй иуыл, инфраструктурон объектæй дæргъвæтин рæстæг бæлццæттæ æдасæй пайда кæндзысты.**

**Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм: федералон нысаниуæг кæмæн ис, уыцы автомобилон фæндаг А-164 «Транскам»-ы райдайæн ис Кæрдзыныхъæуы æмæ цæуы Уæлладжыры комы Æрыдон, Нардон æмæ Захъхъадоны фæрсты. Хæххон гакъон-макъон фæндаг цæуы дæсгай хъæуты сæрты, ахизы Уæрæсе æмæ Хуссар Ирыстоны арæныл Дæллаг Зæрæмæгмæ 'ввахс, стæй Ручъы тъунелыл, дарддæр – Дзауыл, Цхинвалыл æмæ фæвæййы Хуссар Ирыстон æмæ Гуырдзыстоны арæныл.**

*ГАПБАТЫ Алетæ*

Нымæцтæ

# Промышленнон куыстад: бæрæггæнæнтæ – фаронæй хуыздæр

## 2026 азы январь-февралы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы промышленнон куыстады тыххæй хъусынгæнинаг

**2026 азы январь-февралы промышленнон куыстуæтты (чысыл куыстуæттæ дæр нымайгæйæ, оперативон бæрæггæнæнтæм гæсгæ) зилдухы бæрц рауад 15455,5 милуан сомы, ома, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 110,2%.**



Пайдайаг къахинæгты амалкæнынады æппæт кусæндæтты хи хъарутæй æххæстгонд куыстытæ æмæ лæггæдты, хи уагъд æвгæд товарты бæрц рауад 211,8 милуан сомы (архайæг æргъæй нымайгæйæ), ома, фаронимæ абаргæйæ, 55,9%, хомаг-кусæг куыстады – 6094,5 милуан сомы (105,4%), электрон тыхæй, газ æмæ донытæфæй æфсадæг, уæлдæф сыгъдæггæнæг куыстады – 4245,4 милуан сомы (119,1%), донæй ифтонгады, дон иуварс уадзыны, æппарæццæгтæ æмбырд кæнын æмæ сæ æфснайыны, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны фæдыл архайды – 429,6 милуан сомы (107,7%).



2026 азы январь-февралы, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, промышленнон куыстады индекс рауад 124,6%.

Пайдайаг къахинæгтæ амал кæнын. Доломит æмæ æнæрзæт арæзтадон æрмæджыты рауагъд кæй фæфылдæр, уый фæрцы куыстады индекс рауад 121,8%



Къалбас – 17,4%, дзидзайæ конд хойраг – 7,1%, дзул æмæ гуылтæ – 22,0%, адджинæгтæ – 11,1%, сырсыраг æмæ шампайнаг сæнтæ – 90,3%, хуыссæнгæрзтæ – 22,8 хатты, нæлгоймаджы, кæнæ лæппутæн хæлæфтæ – 6,8%, гофрæгонд хъæбæргæххæттæй асыччытæ æмæ къоппытæ – 6,6%, бæрцуæттæ – 6,9%, блоктæ æмæ æндæр æмбырдгæнæн арæзтадон дзаумæттæ – 51,7%, бетон – 5,2 хатты, бандæттæ та – 14,2% фылдæр кæй рауагъдæуыд, уый фæрцы ивгъуыд рæстæгмæ хомаг-кусæг куыстады индекс рауад 130,8%.



Æхсыр рауагъдæуыд – 16,3%, нæлхæ, нæлхæйы хуызæн пастæтæ æмæ царв – 48,0%, цыхтытæ – 18,7%, къæдор – 39,4%, туаг æхсырæй конд хойраг – 39,1%, сæлдæджытæ – 70,0%, спъирт – 60,5%, водкæ – 16,8%, бæгæны – 1,7%, суæрттæ – 30,3%, уæнгроггæнæг нозт – 24,0%, æнæуафт æрмæджытæ – 0,3%, нæлгоймаджы, кæнæ та лæппутæн костюмтæ æмæ фæлыстытæ – 58,1%, сæрмагонд уæлæдарæс – 87,9%, гæххæтт æмæ хъæбæргæххæттæй ярлыктæ æмæ этикеткæтæ – 64,1%, полимерон пленкæтæ – 7,0%, агуыридуртæ – 7,0%, асфальт – 96,1%, æндæр æрдæгуадзæн прибортæ – 10,6%, стъолтæ та – 1,2% къаддæр.

Электрон тыхæй, газ æмæ донытæфæй ифтонгад; уæлдæф сыгъдæг кæнын. 2026 азы январь-февралы, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, куыстады индекс рауад – 90,1%. Электрон æмæ хъармы тых рауагъдæуыд фæйнæ 10,1% къаддæр.

Донæй ифтонгады, дон иуварс уадзыны, æппарæццæгтæ æмбырд кæнын æмæ сæ æфснайыны, чъизидзинæдтæ иуварс кæныны фæдыл архайд. 2026 азы январь-февралы, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, куыстады индекс рауад – 95,1%.

**«Цæгат Кавказстат»-ы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы управлени**

## 20 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «В парке Чаир» 16+
00.05 Время героев 16+
01.05, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.35, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Теплый ветер с Севера» 16+
00.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.55, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Высшая мера» 16+
22.15 Т/с «Агент национальной безопасности. Возвращение» 16+
00.40 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.15 Т/с «Пенсильвания» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.30, 06.10, 06.50, 07.35, 09.30 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Знание - сила 12+
09.40, 10.35, 11.25, 12.15, 13.30, 13.40, 14.25, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-6» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 02.00, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Свои-8» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.15 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.00 Х/ф «Личное счастье» 0+
09.30 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.00 ХХ Век 16+
12.45 Новости Подробно. Арт 16+
13.00 Линия жизни 16+
13.55, 22.15 Т/с «Идиот» 12+
14.55, 02.15 Д/ф «ЦСДФ. Точка отсчета» 16+
15.55 Агора 16+
17.15 С. Рахманинов. Концерт N3 для фортепиано с оркестром. Солист Ван Клиберн. Дирижер К.Кондрашин. Концерт в БЗК. Запись 1958 г. 16+
18.15 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Д/ф «Свидетели времени» 16+
21.30 Сати. Нескучная классика... 16+
23.10 Д/ф «Морфология депрессии» 16+
00.15 Т/с «Настоящая война престолов» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Профилактика
10.00, 12.55, 15.35 Новости
10.05 Плавание. Кубок России. Финал. Трансляция из Санкт-Петербурга 6+
10.55 Дзюдо. Чемпионат Европы. Трансляция из Грузии 12+
11.45, 23.45 Все на Матч! 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.30 Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет 12+
15.40 Смешанные единоборства. UFC. Гилберт Бернс против Майка Мэлотта. Трансляция из Канады 16+
17.35 Плавание. Кубок России. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
19.05 Громко. Прямой эфир
20.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
21.35 Футбол. Чемпионат Италии. «Лечче»-«Фиорентина». Прямая трансляция
00.55 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура 6+
01.55 Эволюция спорта 12+
02.55 Взойди на свой Олимп 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Футзал. Бетсити Суперлига. «Тюмень»- «Сибиряк» (Новосибирск) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15, 05.30 Смех, дрожь и видео 16+
08.50 Х/ф «Улики из прошлого. Забытое завещание» 12+
10.50, 00.35, 04.30 Петровка, 38 16+
11.00 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Х/ф «Анна и тайна прошлого» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Настенька» 16+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10, 20.05 Х/ф «Бабье царство» 16+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.50 Д/ф «Жены диктаторов» 16+
01.35 Д/ф «В тюрьму из-за женщины» 16+
02.15 Д/ф «Русские тайны» 16+
04.45 Актерские драмы 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
07.15, 04.35 Давай разведемся! 16+
08.15, 02.20 Тест на отцовство 16+
10.25, 22.55 Т/с «Прости меня...» 16+
11.30, 00.00 Т/с «Беду отведу» 16+
12.40, 01.00 Т/с «Знахарка» 16+
13.15, 01.25 Т/с «Верну любимого» 16+
13.50, 01.55 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.25 Х/ф «Судьи и судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Любовь и чашка чая» 16+
04.00 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.15, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Дикий, дикий мир 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
20.25 Х/ф «Варяг» 16+
23.25 Х/ф «Томирис» 18+

### СТС
05.00, 04.30 100 мест, где поесть 16+
06.45, 07.10 100 мест и одна кухня 16+
07.40 Тайный миллионер. Секреты сезона 16+
08.40 Суперниндзя. Дети 12+
12.45, 16.00, 16.25 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.00, 19.00, 20.00 Т/с «Молодежка. Новая смена-2» 16+
21.10 Х/ф «100 ярдов» 16+
23.20 Х/ф «Брюс ли. Рождение дракона» 16+
01.10 Х/ф «Последняя пуля» 16+
02.35 Т/с «Сториз» 16+
02.55 Х/ф «Эспен в королевстве троллей» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 12.20, 12.55, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
09.00 Сокровища императора 16+
19.00, 20.00 Т/с «Универ. 15 лет спустя» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.00 Х/ф «Бабушка легкого поведения-2» 16+
00.40 Х/ф «Бабушка легкого поведения» 16+
02.10, 02.55, 03.45, 04.30 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 21 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «В парке Чаир» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Теплый ветер с Севера» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.35, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Высшая мера» 16+
22.15 Т/с «Агент национальной безопасности. Возвращение» 16+
00.40 Захар Прилепин. Уроки русского 16+
01.15 Т/с «Пенсильвания» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
06.40, 07.10, 07.35, 08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание - сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-6» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.45, 03.20, 04.00 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Свои-8» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.20 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Легенды мирового кино 16+
07.45 Х/ф «Личное счастье» 0+
09.10, 00.10 Т/с «Настоящая война престолов» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.00 ХХ Век 16+
12.10, 14.40 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.00 Больше, чем любовь 16+
13.45, 22.15 Т/с «Идиот» 12+
14.55, 02.10 Д/ф «ЦСДФ. Точка отсчета» 16+
15.45 Сати. Нескучная классика... 16+
16.30 Эрмитаж 16+
17.15 Гала-концерт в БЗК. Запись 1966 г. 16+
18.15 Д/ф «Петр Великий. История с французским акцентом» 16+
19.00 Уроки русского. Чтение. «Николай Лесков. «Левша» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
23.10 Д/ф «Побег из одиночества» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.30 Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет 12+
07.00, 09.00, 12.55, 15.35 Новости
07.05, 11.35, 00.00 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Тяжелая атлетика. Чемпионат Европы. Трансляция из Грузии 12+
10.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
15.40 Смешанные единоборства. UFC. Умар Нурмагомедов против Дейвесона Фигередо. Трансляция из США 16+
17.15 Плавание. Кубок России. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
19.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. ЦСКА-«Ростов» (Ростов-на-Дону). Прямая трансляция
21.50 Футбол. Кубок Италии. 1/2 финала. «Интер»-«Комо». Прямая трансляция
01.25 Неизвестные страницы Кубка мира 12+
01.55 Эволюция спорта 12+
02.55 Взойди на свой Олимп 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Локомотив-Кубань» (Краснодар)-«Бетсити Парма» (Пермский край) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Улики из прошлого. Забытое завещание» 12+
10.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Х/ф «Анна и тайна прошлого» 12+
13.45, 04.55 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Настенька» 16+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10, 20.05 Х/ф «Бабье царство» 16+
22.35, 05.30 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Братва и звезды» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35, 04.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Следствие ведет КГБ» 16+
01.35 Хроники московского быта 16+
02.15 Прощание 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.20 По делам несовершеннолетних 16+
07.15, 04.30 Давай разведемся! 16+
08.15, 02.30 Тест на отцовство 16+
10.25, 22.55 Т/с «Прости меня...» 16+
11.30, 00.10 Т/с «Беду отведу» 16+
12.40, 01.10 Т/с «Знахарка» 16+
13.15, 01.35 Т/с «Верну любимого» 16+
13.50, 02.05 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.25 Х/ф «Судьи и судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Любовь и чашка чая» 16+
04.10 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/ф «Легенды и мифы» 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 100 вопросов обо всем 16+
20.30 Х/ф «Мизантроп» 16+
23.25 Х/ф «Список подозреваемых» 18+

### СТС
05.00, 07.40, 04.30 100 мест, где поесть 16+
06.45, 07.15 100 мест и одна кухня 16+
08.45 Х/ф «Случайный муж» 16+
10.35 Х/ф «Виола в бутсах» 16+
12.50, 16.00, 16.25 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.00, 19.00, 20.00 Т/с «Молодежка. Новая смена-2» 16+
21.05 Х/ф «Кодекс киллера» 16+
23.10 Х/ф «Добро пожаловать в рай» 18+
01.05 Х/ф «Космическая колония» 18+
02.40 Т/с «Сториз» 16+
03.00 Х/ф «Эспен в поисках золотого замка» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 20.00 Т/с «Универ. 15 лет спустя» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.00 Х/ф «Прабабушка легкого поведения» 16+
00.45 Х/ф «Бабушка легкого поведения-2» 16+
02.15, 03.25, 04.10, 04.40 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 22 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «В парке Чаир» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Теплый ветер с Севера» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.35, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Высшая мера» 16+
22.15 Т/с «Агент национальной безопасности. Возвращение» 16+
00.40 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.45 Т/с «Пенсильвания» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.40, 06.20, 07.00, 07.45, 09.30, 04.30 Т/с «Великолепная пятерка-5» 16+
08.25 Стройнадзор 16+
09.40, 10.35, 11.25, 12.15, 13.30, 13.35, 14.25, 15.20, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-6» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.15, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Свои-8» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
01.20 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Диалоги о животных 16+
07.20 Легенды мирового кино 16+
07.45 Х/ф «Личное счастье» 0+
09.10, 00.10 Т/с «Настоящая война престолов» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.00 ХХ Век 16+
11.50 ПАМЯТИ ЛЮДМИЛЫ АРИНИНОЙ. «Вечерний свет» 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.00 Больше, чем любовь 16+
13.45, 22.15 Т/с «Идиот» 12+
14.40 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
14.55, 02.15 Д/ф «ЦСДФ. Точка отсчета» 16+
15.35 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Гала-концерт в БЗК. Запись 2016 г. 16+
18.30 Д/ф «Удмуртия. «Царь-дом» из Сарапула» 16+
19.00 Уроки русского. Чтение. «Николай Лесков. «Левша» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Х/ф «Михаил Козаков. Незаконченный разговор» 16+
21.30 Власть факта 16+
23.10 Д/ф «Дети-формула счастья» 16+
01.35 Вечерний свет 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Чемпионат мира-2026. Обратный отсчет 12+
07.00, 09.00, 12.55 Новости
07.05, 11.35, 17.15, 00.00 Все на Матч! 12+
09.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
09.25 Тяжелая атлетика. Чемпионат Европы. Трансляция из Грузии 12+
10.30 Греко-римская борьба. Чемпионат Европы. Трансляция из Албании 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.30 Тяжелая атлетика. Чемпионат Европы. Прямая трансляция из Грузии
19.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. «Локомотив» (Москва)-«Зенит» (Санкт-Петербург). Прямая трансляция
21.50 Футбол. Кубок Италии. 1/2 финала. «Аталанта»- «Лацио». Прямая трансляция
01.25 Вид сверху 12+
01.55 Эволюция спорта 12+
02.55 Взойди на свой Олимп 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Чемпионат России. Суперлига. Мужчины. Финал 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Улики из прошлого. Индийская невеста» 16+
10.35, 04.45 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Х/ф «Анна и тайна ночи» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Настенька» 16+
16.55 Д/ф «Легенды эстрады» 16+
18.10, 20.05 Х/ф «Бабье царство» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.35, 04.30 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Дорогие товарищи» 16+
01.35 Знак качества 16+
02.15 Мифы о еде 16+
05.30 Большое кино 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
07.05 Давай разведемся! 16+
08.05, 02.25 Тест на отцовство 16+
10.20, 23.00 Т/с «Прости меня...» 16+
11.25, 00.05 Т/с «Беду отведу» 16+
12.40, 01.05 Т/с «Знахарка» 16+
13.15, 01.35 Т/с «Верну любимого» 16+
13.50, 02.00 Т/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.25, 03.40 Х/ф «Судьи и судьбы» 16+
19.00 Х/ф «Дорогой сердца» 16+
03.15 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 02.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Наука и техника 16+
20.50 Х/ф «Отряд преступников» 16+
23.25 Х/ф «Под огнем» 18+

### СТС
05.00, 07.45, 04.30 100 мест, где поесть 16+
06.45, 07.15 100 мест и одна кухня 16+
08.50 Х/ф «Неожиданные связи» 16+
10.40 Х/ф «Любовь не по размеру» 16+
12.50, 16.00, 16.30 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.00, 19.00, 20.00 Т/с «Молодежка. Новая смена-2» 16+
21.05 Х/ф «Извержение» 16+
23.50 Х/ф «Выжившие. Бетонная утопия» 18+
02.15 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.00 Х/ф «Любовники» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 20.00 Т/с «Универ. 15 лет спустя» 16+
21.00, 22.00 Т/с «Полицейский с Рублевки» 16+
23.00 Х/ф «Полицейский с Рублевки. Новогодний беспредел» 16+
00.55 Х/ф «Прабабушка легкого поведения» 16+
02.25, 03.10, 04.20 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 23 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «В парке Чаир» 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 03.20 Т/с «Кулагины» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Теплый ветер с Севера» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.00 48-й Московский Международный кинофестиваль. Торжественное закрытие 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Высшая мера» 16+
22.15 Т/с «Агент национальной безопасности. Возвращение» 16+
